

Chè fanmi,

Nou envite tout fanmi NYC ki gen timoun ki fèt nan 2017, 2018, ak 2019 pou vin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl k ap kouvri admisyon nan 3-K, pre-K, ak kindergarten . Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Nan chak aktivite sou entènèt, n ap pale sou:

- Kòman pou jwenn enfòmasyon sou lekòl ak pwogram.
- Kòman pou navige nan **MySchools.nyc**, anyè lekòl ak sistèm aplikasyon sou entènèt la.
- Kòman pou prepare kounye a pou aplike pi ta.

Tanpri sonje | Yo pral pataje enfòmasyon sou aprantisaj akselere pou tout moun atravè Brilliant NYC pandan kèk evènman angajman piblik separe.

Kontni chak aktivite se menm bagay, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon pou diferan evènman**, konsa:

- **16 novanm**, 2pm pou 3pm | Aktivite a ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Panyòl, Bangla, Koreyen
- **18 novanm**, 6pm to 7pm | Aktivite a ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Chinwa (Mandaren), Urdu, Kreyòl Aisyen
- **30 novanm** , 2pm pou 3pm | Aktivite a ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Ris, Arab, Fransè
- **9 desanm**, 6pm pou 7pm | Aktivite ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Panyòl, Bangla, Koreyen
- **14 desanm**, 2pm pou 3pm | Aktivite ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Chinwa (Kantonè), Urdu, Kreyòl Aisyen
- **10 janvyè**, 6pm pou 7pm | Aktivite ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Ris, Arab, Fransè
- **2 fevriye**, 6pm pou 7pm | Aktivite ap fèt an Anglè. Ap gen entèpretasyon nan : Panyòl, Chinwa (Mandaren)

Kòman pou patisipe:

- Yo ap fè chak sesyon andirèk sou entènèt. Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse: tinyurl.com/2022ESinfo
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa ale sou schools.nyc.gov/ESEvents 48 èdtan avan sesyon an pou jwenn modpas la ak tout lòt enfòmasyon w bezwen pou patisipe, jan pou resevwa entèpretasyon.

Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale sou [sitwèb aktivite](#) nou an: N ap poste yon anrejistreman prezantasyon sa a an desanm.
- Kreye kont [MySchools.nyc](#) ou a epi eksplòre opsyon pwogram pitit ou a.

Bon siksè,
Ekip admisyon nan Lekòk primè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w pou enskri sou lis imèl pou admisyon nan 3-K, pre-K, ak/oswa kindergarten nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). Si w vle retire non w sou lis pou lòt mesaj yo sou admisyon nan lekòk primè, tanpri klike [la a](#).